

**PAMILIHIE TEMBUNG LAN LELEWANE BASA SAJRONING ANTOLOGI GEGURITAN KIDUNG
LINGSIR WENGI ANGGITANE SUHARMONO KASIUN**

Muhammad Isyommudin

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA dan imuhammadisyommudin@gmail.com

**Abstrak
ABSTRAK**

Geguritan salah sawijine wujud karya sastra kang ditulis dening penggurit kanthi nggunakake basa kang endah lan nduweni pamikiran kang endah awujud basa tulis. Kanthi nggunakake pamilihe tembung-tembung kang apik, pengarang bisa medhar pesan kang ana ing sawijine pamikiranane, lan pangrasane. Tetembungan lan ukara-ukara kang ana ing sawijine karya sastra iku dadi pathokan anggane nulis sawijine karya sastra. Pamilihe tembung-tembung kasebut kang ndadekake sawijine guritan kasebut nduweni kaendahan. Salah sawijine geguritan yaiku antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun. Anane geguritan kidung lingsir wengi kasebut dadi dhasar tuwuhe pangira-ira.

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, punjere panliten yaiku: 1) kepriye wujud pamilihe tembung (Diksi) sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun?, lan 2) kepriye wujud lelewane basa sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun?. Dene tujuwane panliten iki yaiku ngandharake pamilihe tembung sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun lan ngandharake lelewane basa sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun.

Panliten iki nggunakake metode deskriptif kualitatif. Sumber dhata panliten iki yaiku antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun. Dene teknik sing digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku teknik nyathet lan kapustakan. Tintingan sing dianggo yaiku tintingan stilistika. Teori sing digunakake yaiku Ing nganalisis pamilihe tembung nggunakake teorine Nurgiyantoro. pamilihe tembung mujudake penguane tembung-tembung kang sengaja dipilih dening penggurit. Kanggo nganalisis lelewane basa, migunakake panemune Ratna ngandharake kanthi cara umum majas diperang dadi papat yaiku, majas *perbandhingan*, *sindiran*, *penegasan*, lan *pertentangan*.

Asile panliten pamilihing tembung bisa diperang dadi papat ingkang kapisan yaiku ragam basa, purwakanti (titi swara), titi tembung (morfologi), lan yaiku titi makna (semantik). Lan lelewaning basa amung ngandharake majas. Purwakanthi bisa diperang maneh dadi telu yaiku (1) purwakanthi guru swara, (2) purwakanthi guru sastra, lan (3) lumaksita. Lan uga titi tembung bisa diperang dadi papat yaiku, (1) tembung rangkep, lan (2) tembung camboran. Titi makna bisa diperang dadi telu yaiku (1) sinonim, (2) antonim, lan (3) entar. Lan perangan pungkasan yaiku majas, majas bisa diperang dadi telu yaiku (1) majas perbandhingan, (2) majas penegasan, lan (3) majas sindiran.

Tembung Wigati: pamilihe tembung lan lelewane basa

**Abstrak
ABSTRAK**

Puisi adalah salah satu karya sastra yang ditulis dengan bahasa yang indah dan mempunyai pemikiran yang indah. Dengan menggunakan diksi yang bagus, pengarang bisa menyampaikan pesan yang ada didalam pemikirannya dan perasaanya. Kata dan kalimat yang ada didalam satu karya itu jadi petanda dalam menulis karya sastra. Diksi atau pemillihan kata tersebut yang menjadikan salah satu puisi yang mempunyai keindahan. Salah satu puisi yang indah yaitu antologi puisi kidung lingsir wengi karyanya Suharmono Kasiun. Adanya puisi kidung lingsir wengi tersebut menjadi dasar tumbuhnya judul skripsi ini.

Dengan latar belakang diatas, rumusan masalah yaitu: 1) bagaimana wujud pemilihan kata (diksi) didalam antologi puisi kidung lingsir weng karyanya Suharmono Kasiun?, 2) bagaimana wujud gaya bahasa dalam antologi puisi kidung lingsir wengi Karyanya Suharmono Kasiun. Tujuan penelitian ini yaitu menjelaskan pemilihan kata yang ada didalam antologi puisi kidung lingsir wengi dan tujan yang kedua yaitu menjelaskan gaya bahas dalam antologi puisi kidung lingsir wengi.

Penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif. Sumber data yang digunakan yaitu antologi puisi kidung lingsir wengi karyanya Suharmono Kasiun. Teknik yang digunakan dalam mengumpulkan data yaitu dengan teknik catat dan kapustak. Tintingan yang dipakai yaitu tintingan stilistika. Teori yang digunakan yaitu dalam menganalisis pemilihan tembung menggunakan teori Nurgiyantoro. Pemilihan kata salah satu wujud pemakaian yang sengaja dipilih oleh pengarang. Sedangkan menganalisis gaya bahasa menggunakan teorinya Ratna, mengartikan secara umum, majas dibagi menjadi empat yaitu majas perbandingan, sindiran, penegasan, dan pertentangan.

Hasil panliten ini yaitu dialam antologi geguritan kidung lingsir wengi terdapat pemilihan kata. Pemilihan kata bisa dibagi menjadi empat, yang pertama yaitu ragam bahasa, yang kedua fonologi, ketiga yaitu morfologi, yang terakhir semantik. Sedangkan gaya bahasa Cuma membahas tentang majas. Didalam majas terdapat tiga bagian yaitu yang pertama majas perbandingan, majas penegasan, dan majas sindiran.

Kata Kunci: percintaan, pendidikan, resiko

PURWAKA

Sastra minangka salah sawijining asil karya ciptane manungsa nduweni gegayutan karo kahanan panguripan lan kahanan bebrayan sakupenge. Sastra yaiku ekspresi pikiran lan rasa pangrasane manungsa endah kanthi wujud lisan utawa tulisan. Sastra minangka wadah kanggo pangripta saperlu ngandharake apakng bakal dikandhakake marang bebrayan. Salaras karo andharane Nurgiyantoro (2009:4) sastra minangka gegambaraning panguripan. Senajan sastra minangka asil imajinasi pangripta, ananging ora bisa diwalake saka kasunyatan. Babagan bener kang ora ana sajrone sastra ora kudu padha karo kasunyatané. Sawijining karya sastra pancen direkadaya amrih bisa dadi wewujudan sing meh padha karo kasunyatané saengga kaya-kaya pancen dumadi ing kasusastran.

Sastra Jawa modern mujudake genre sastra kang oleh pangaribawa saka sastra manca. Wujude saka karya sastra Jawa modern saemper karo sastra manca, kayata: short story utawa crita cekak, long story utawa crita sambung, poem utawa geguritan, lan novel (Rass, 1985:8). Tuwuh maneh genre kang ngrembaka yaiku cergam utawa crita bergambar yaiku genre kang tuwuh saka gabungan antarane seni lukis lan seni sastra. Jinis kang pungkasan bisa diarani genre prosa. Jinis iki minangka daya pangribawa langsung saka sastra barat, utamane sastra Belanda Hatomo (sajrone Damono, 2001:278).

Karya sastra iku kalebu salah sawijine wujud seni kang migunakake basa minangka pirantine. Basa kang digunakake sajrone karya sastra ora mung sadherma reroncene basa kang katulis utawa sing digunemake, nanging uga nduweni teges kang migunani tumrap pamaos. Sajrone ngripta karya sastra, akeh-akehe pangripta mesthi migunakake basa kang ringkes lan trep saengga katon mentes (Teeuw,1984: 1).

Geguritan mujudake wohing kasusastran Jawa gagrag anyar. Salah sawijine geguritan iku Kidung Lingsir Wengi anggitané Suharmono Kasiun. Muncule geguritan iki ora beda karo muncule novel lan crita cekak ing kasusastran Jawa, kang mujudake bukti yen basa lan kasusastran Jawa isih terus ngrembaka lan tansah diuri-uri dening wong Jawa. Geguritan salah sawijining wujud karya sastra kang ditulis dening pangripta kanthi nggunakake basa kang endah lan nduweni pamikir *Kreatif* awujud basa tulis. Kanthi nggunakake pamilihe tembung-tembung kang apik, pengarang bisa medharake pesan kang ana ing sawijine pamikir, lan pangrasane. Tetembungan lan ukara-ukara kang ana ing sawijining karya sastra iku dadi titikan anggong nyerat sawijine karya sastra. Pamilihe tembung-tembung kasebut kang ndadekake sawijine guritan kasebut nduweni kaendahan.

Geguritan yaiku sawijine karya sastra kang kaserat kanthi nggunakake basa Jawa utawa wacana geguritan kang nggunakake basa Jawa kang dadi sarana panuture (Saputra, 2001:6). Anggong nyerat geguritan penggurit ora gumantung karo aturan-aturan kaya nyerat macapat, parikan, lan wangsalan kang kaiket dening karo guru lagu, guru wilangan, lan guru swara. Mula saka iku iku panganggit bisa luwih amba anggong nyerat sawijine karya sastra lan bisa luwih amba anggong medharake pangrasane kanthi nggunakake tetembungan utawa ukara-ukara kang miturute pengarang nduweni kaendahan kang selaras karo pamikirané.

Pamilihe antologi geguritan “*Kidung Lingsir Wengi*” angitané Suharmono Kasiun kang dadi objek panliten iki didhasari kang kapisan jalaran Suharmono Kasiun mujudake penggurit sing wis suwe nlateni ngripta geguritan ing jagading kasusastran Jawa. Salah sawijine karyane yaiku “Kidung lingsir wengi”. Kaping pindho, sajrone antologi geguritan “KLW” ditemokake akeh bab pamilihe tembung lan lelewane basa sing njalari tuwuhe surasa kaendahan. Kaping telu, antologi geguritan iki nduweni wujud kreatif kang beda karo juru gurit utawa pengarang liyane. Mula saka iku, antologi geguritan iki didadekake objek panliten. “KLW” nduweni maksud angen-angen ing wektu tengah wengi. Sajrone antologi geguritan kasebut geguritan-geguritan kang apik dipilih. Antologi geguritan iki ana 53 guritan nanging ing panliten iki dijupuk 12 geguritan kang dadi objeke yaiku: kampus, keluke cerobong pabrik, kekudangan, omahku omah putih, lakon, nalika tilik ngomah, sawijing dalan, jenengku aceh, sapata, ing desa ora ana apa-apa, ponorogo tengah ratri, lan wus. Dene milih 12 geguritan kasebut amarga bisa makili isi saka antologi geguritan KLW, lan guritan kasebut nduweni tema kang meh padha yaiku ngenani sosial, politik, lan pitutur kang becik.

Mula panliten iki bakal nintingi sawijine antologi geguritan “*KLW*” anggitane Suharmono Kasiun, nganggo tintingan stilistika. Stilistika miturut Ratna (2011: 236) yaiku ilmu kang ngonceki panggunaane basa sajrone sawijining karya sastra kanthi nengenake aspek-aspek kaendahan. Tintingan stilistika nduweni peran kanggo nganalisis kang aweh

gegambaran kang jangkep ngenani nilai sawijine karya sastra. Tintingan ing panliten iki ngandharake bab linguistik yaiku pamilihe tembung lan lelewane basa.

1.1 Underane Panliten

- 1) Kepriye wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone guritan-guritan anggitané Suharmono Kasiun?
- 2) Kepriye wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajrone guritan-guritan anggitané Suharmono Kasiun?
- 3) Kepriye makna kang kinandut sajrone antologi geguritan “Kidung Lingsir Wengi” anggitané Suharmono Kasiun?

1.2 Tujuan Panliten

- 1) Njentrehake wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone guritan-guritan anggitané Suharmono Kasiun.
- 2) Njentrehake wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajrone guritan-guritan anggitané Suharmono Kasiun.
- 3) Njentrehake makna kang kinandhut sajrone antologi geguritan “Kidung Lingsir Wengi” anggitané Suharmono Kasiun.

1.3 Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni piguna tumrap akeh pihak. Mula saka iku, pigunane panliten iki kaperang dadi rong perangan, yaiku:

- 1) Tumrap Pasinaon Siswa
Paedahe panliten iki tumrape ngenani piwulangan basa SMP utawa SMA yaiku menahi piwulanag ngenani basa mligine tintingan stilistika, lan bisa digawe sinau ngenani pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone sawijine karya sastra guritan utawa digawe sinau ngenani tetembungan.
- 2) Tumrap Para Pamaos
Paedahe panliten iki tumrap pamaos yaiku pamaos bisa mangerteni ngenani lelewane basa kang ana ing sawijining karya sastra lan mangerteni ngenani tetembungan kang ana ing sawijining karya sastra.

1.4 Watesane Panliten

Panliten iki nggunakake wewatesan supaya nggampangake anggone niliti. Watesan dienggo supaya panliten anggone niliti ora ngrambyang saka konsep panliten kang dilakoni. Wewatesan sing ana ing panliten iki yaiku antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi anggitané Suharmono Kasiun kang diterbitake dening sarana pustaka jaya taun 2013.

METODHE PANLITEN

Sajrone andharan iki, metode panliten dingerteni minangka sawijine cara kanggo nindakake kagiyatan panliten, adhedhasar tata cara kang wis karancang lan bisa ditanggung jawabake. Dene bab iki isine yaiku (1) ancangan panliten (2) dhata lan sumber dhata panliten, (3) Instrumen, (4) tatacara ngumpulake dhata, (5) tatacara njentrehake dhata, (6) lan carane nyuguhake asil panjlentrehe dhata.

3.1 Ancangan Panliten

Panliten ngenani stilistika kang kawawas saka peranganing konsep, titikan, lan uga lelandhesaning teori kang digunakake sajroning panliten iki nggunakake metode dheskriptif kualitatif. Sudaryanto (1993:62) ngandharake dheskriptif kualitatif yaiku panliten sing nengenake kanyatan utawa tandha-tandha empiris sing urip sajrone pribadine pamicara. Metode iki digunakake dening panliti kanggo deskripsikake dhata kang awujud tembung-tembung kang katulis ing geguritan kidung lingsir wengi. Kanthi ancangan dheskriptif kualitatif, panliten iki dikarepake bisa ngolehake gegambaran sing cetha lan objektif ngenani pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi. Panliten kualitatif ora nggunakake itung-itungan statistik lan asile ora arupa angka. Panliten iki kagolong panliten kualitatif amarga objek kang diteliti arupa basa kang awujud tulisan. Tintingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan stilistika. Tintingan stilistika digunakake kanggo ngudhari pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitané Suharmono Kasiun.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata lan dhata minangka perangan kang wigati sajroning panliten. Tanpa anane sumber dhata ora bisa ditindakake sawijing panliten, amarga saka sumber dhata lan dhata bisa kawawas metode lan teknik kang salaras kanggo nitingi dhata kang dianggo. Ing perangan iki diandharake sumber dhata lan dhata kang cocog kalawan pamilihie tembung lan lelewane basa mawa tintingan stilistika.

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata minangka babagan kang wigati lan dibutuhake sajroning panliten. Sumber dhatane yaiku 12 guritan saka antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi*.

3.2.2 Dhata

Dhata minangka perangan kang wigati sajroning panliten. Tanpa anane dhata ora bisa ditindakake sawijing panliten, Miturut Arikunto (2010:161) dhata minangka asil saka cathetane panliti kang arupa fakta utawa angka. Dhata

kang digunakake sajroning panliten iki arupa tembung, frase, lan ukara kang kinandhut bab-bab kang gegayutan kalawan underaning panliten kang rinonce sajroning geguritan Kidung Lingsir Wengi anggitané Suharmono Kasiun.

3.3 Instrumen Panliten

Istrumen panliten iku mujudake piranti kanggo njupuk dhata relevan sing digunakake sajrone panliten. Instrumen panliten nduweni paedah sing wigati sajrone panliten. Instrumen kasebut dipilih adhedhasar jinis lan akehe dhata sing digunakake kanggo njlentrehake underane panliten. Azwar (2004:34) ngandharake instrumen panliten yaiku piranti sing digunakake panliti supaya antuk informasi sing akurat lan bisa dipercaya. Instrumen sing digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti minangka intrumen utama amarga saliyané nduweni peran minangka panliti, dheweke uga nduweni peran minangka pangumpule dhata saka antologi geguritan K LW anggitané Suharmono Kasiun. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggongé panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud, (1) buku, buku kang digunakake yaiku buku referensi kang gegayutan karo panliten lan buku tulis, (2) pulpen piranti kanggo nulis dhata lan bab-bab kang wigati kang gegayutan karo panliten, (3) laptop piranti kanggo proses ngetik dhata lan ngedit asile panliten.

3.4 Tata Cara Nglumpuke Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku upaya sadhar kang ditindakake kanthi *sitsematis* saengga pangumpule dhata ditindakake kanthi urut supaya nggampangake panliti sajrone ngolah sumber dhata (Arikunta, 2010:265). Panglumpuke dhata sajroning panliten iki kanthi migunakake cara maca, nyatehet, lan *studi* kapustakan. Teknik maca digunakake kanggo milih tetembungan kang ngandhut diksi lan lelewane basa sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané suharmono kasiun. Teknik cathet yaiku teknik kanggo golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata. Tata cara studi kapustakan, yaiku tata cara kang digunakake kanggo nggoleki lan nintingi sawenehing buku minangka bahan pustaka kang digunakake kanggo sumber tinulis. Tata cara utawa cakakan kang digunakake kanggo nglumpukake dhata, yaiku:

- 1) Antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* minangka objek panliten diwaca banjur dipilih tembung, frasa lan ukara kang kalebu ing analisis pamilih tembung lan lelewanjing basa. Banjur nggoleki perangan prakara kang onja, supaya bisa ditemtokake titingan apa kang salaras lan trep kanggo nintingi geguritan kang diwaca iku mau.
- 2) Geguritan kang wis kawaca, diperang miturut perkara panliten kang ana sambung rapete kalawan wujud pamilihe tembung lan lelewane basa. Lumantar titingan stilistika, kaajab bisa mbedah panganggongé olah basa panggurit, sajrone geguritané.
- 3) Nyathet, yaiku tata cara kanthi nyathet sakabehing pameran adhedhasar teori kang dianggo, isih ana gegayutané kalawan panliten. Saliyané iku, tatacara nyathet digunakake kanggo nindakake cathet-cinathet marang dhata kang relevan, kang salaras marang sasaran lan ancas panliten.
- 4) *Verifikasi* lan *validasi* dhata iki dianakake kanggo masthekake yen dhata kang dipilih wis pener sadurunge dianakake tahap panliten sabanjure.

3.5 Tatacara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata sing dikarepake wis kecekel, banjur dhata iku diolah kanthi cara metodhe kang trep. Sajrone panliten iki diandharake miturut paugeran lan tatanan sing awujud ukara-ukara lan tetembungan. Dhata ing kene yaiku antologi geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun. Dhata sing wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif. Dene cak-cakane njlentrehake dhata iki yaiku:

- 1) milih data sing digunakake sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi.
- 2) Dhata diperang miturut underan panliten yaiku pamilih tembung lan lelewane basa.
- 3) nganalisis dhata.
- 4) Nyusun lan ndudut asile analisis.
- 5) Didokumentasekake sajrone wujud laporan panliten kang arupa skripsi.

3.6 Tata Carane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Sajrone panliten iki, tata cara ngandharake asil njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani pamilih tembung lan lelewane basa sajrone geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun. Tatacara nyuguhake dhata asile panliten iki bakal disuguhake kanthi cara *informal*. Miturut Sudaryanto (1993:145) ngandharake cara nyuguhake dhata *informal* yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis

dijlentrehake kanthi cara dheskriptif kang nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Tata cara nyuguhake andharan lan jlentrehan dhata *informal*, kaya ing ngisor iki.

- BAB I : Ngandharake lelandhesane panliten, underan panliten, ancasa panliten, paedah panliten lan wewatesane panliten, panjlentrehane tembung.
- BAB II : Ngandharake panliten kang saemper, konsep-konsep ing panliten, lan lelandhesan teori.
- BAB III : Ngandharake ancasa panlitene, dhata lan sumber dhata, instrumen tatacara nglumpukake dhata, tatacarane njlentrehake dhata, lan carane nyuguhake asil panjlentrehane dhata.
- BAB IV : Ngandharake andharan lan jlentrehake dhata.
- BAB V : Ngandharake dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Bab Iki isine andharan lan jlentrehan dhata ngenani pamilihe tembung, lelewane basa, lan isi sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi anggitané Suharmono Kasiun.

4.1 Pamilihe Tembung

Pamilihe tembung utawa diksi, mujudake sawijine tembung kanggo nuwuhake gagasan-gagasan kang trep sajroning imajinasine pamaos utawa pamikarane kaya dene sing dipikirake utawa dirasakake dening pangripta utawa pamicara. Pamilihete tembung bisa disurasa minangka perangan sing wigati sajrone ngripta guritan. Pamilihe tembung sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi ana papat, yaiku ragam basa, purwakanthi, titi tembung, lan titi makna.

4.1.1 Ragam Basa

Ragam basa yaiku sawijine varian basa miturut panganggone. *Variasi* kasebut bisa awujud dialek, utawa maneka warna *variasi sosiolinguistik* liyane, kalebu variasi basa baku iku dhewe. Variasi ing tingkat leksikon kayata slang kerep dianggep gegayutan karo gaya utawa tingkat formalitas tartamtu, sanajan panganggone kadhang-kadhang uga dianggep minangka sawijine varian utawa ragam basa.

4.1.1.1 Ragam Basa Ngoko

Basa padinan ngoko sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi iki akeh banget digunakake dening panganggit, nanging sajrone andharan ing ngisor iki dipilih saperangan kang nuduhake anane basa Jawa ngoko. Panganggone basa Jawa ngoko bisa diarani mujudake basa pokok saben sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi. Andharan kasebut bisa dideleng ing ngisor iki.

(1) Omahku omah putih (OOP, KC 25, GT 1)

Pethikan (1) guritan kanthi irah-irahan “*Omahku Omah Putih*” ing ndhuwur uga mujudake panganggone ukara saka tembung basa Jawa ngoko lugu. Pethikan (1) ukara kasebut sekabehane nggunakake basa Jawa ngoko lugu. Panggurit nggunakake ukara basa Jawa ngoko lugu amarga ukara kasebut diajab dening panggurit bisa nggambarake sapa kang diajak cecathuran marang panutur. Basa Jawa ngoko ora mung digunakake marang

kanca lan kanca sebaya wae, nanging uga bisa digunakake marang wong kang nduweni status kang luwih dhukur kayata wong tuwa marang wong enom. Andharan kasebut uga digambarake dening panganggit saka pethikan (1). Panggurit ing kene nggunakake tembung basa Jawa ngoko supaya pamaca luwih mangerteni maksud apa sing arep diwedharake.

4.1.1.2 Ragam Basa Krama

Basa Jawa krama nduweni tataran luwih dhuwur tinimbang basa ngoko. Surasa kang dituwuhake panganggone yaiku alus lan prasaja, beda karo basa ngoko kang sipate luwih kasar. Basa krama digunakake dening wong kang durung utawa ora akrab lan dening wong kang rumangsa panjenengane nduweni status sosial kang luwih endhek tinimbang mitra wicarane. Sajrone antologi *Kidung Lingsir Wengi* iki, sanadyan basa kang akeh digunakake yaiku basa ngoko, nanging panganggone basa krama uga bisa ditemokake sajrone cerkak iki. Andharan ngenani panganggone basa krama sajrone antologi cerkak *Lintang Alit* bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

(2) “panjenengan sinten?” (NTN, KC 37, GT 2)

Pethikan (2) guritan kanthi irah-irahan *Nalika Tilik Ngomah* ing ndhuwur mujudake panganggone ukara saka tembung basa Jawa krama inggil. Panggurit migunakake basa krama inggil bisa dideleng saka tembung *panjenengan sinten?* Tembung kasebut minangka basa Jawa krama inggil. Ukara bisa diarani basa Jawa krama alus menawa sekabehane ukara nggunakake tembung-tembung basa Jawa krama inggil. Pethikan (2) mujudake cecathuran antarane wong tuwa lan anake. Sajrone cecathuran kasebut panutur (wong tuwa) kasebut mbasani wong sing gurung dikenal, wong tuwa kasebut lali yen sejatine anake dhewe, mula saka iku wong tuwane nganggo basa krama inggil. Panggurit ing kene nggunakake krama inggil supaya guritan kasebut bisa dihayati lan luwih dimangerteni maksud apa sing arep diwedharake.

4.1.1.3 Ragam Campuran (Jawa-manca)

Bab iki bakal ngandharake panganggone basa manca kang dingo sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi. Basa manca kang digunakake sajrone gegurita bakal diandharake ana ing ngisor iki.

- (3) Antarane cemara, **flamboyant, bougenile** (K. KC 10, GT 4)

Pethikan (3) ing ndhuwur mujudake panganggone basa manca sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi kanthi irah-irahan (*Kampus*). Basa manca kang digunakake sajrone pethikan (3) ing ndhuwur yaiku nggunakake basa Inggris. Basa Inggris kang digunakake dituduhake ana ing tembung kang kacethak kandel yaiku tembung *flamboyant, lan bougenile*. Tembung *flamboyant, lan bougenile* minangka tembung saka basa Inggris kang nduweni teges salah sawijine jeneng tetuwuhan. panggurit uga nggunakake basa Inggris saperlu nggampangake pamaca anggone mangerteni maksud critan kasebut lan panggurit nduweni maksud supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

4.1.1.4 Ragam Campuran (Jawa-Indonesia)

Bab iki bakal ngandharake panganggone basa Jawa lan basa Indonesia. Basa Indonesia kang digunakake sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi bakal diandharake ana ing ngisor iki.

- (4) Si penthul wis dadi **TKI ilegal** (NTN, KC 37, GT 28)

Pethikan (4) guritan kanthi irah-irahan "*Nalika Tilik Ngomah*" ing ndhuwur mujudake panganggone basa Indonesia sajrone geguritan ing antologi Kidung Lingsir Wengi. Pethikan (4) kasebut nggunakake basa Indonesia. Panganggit nggunakake basa Indonesia bisa dideleng saka tembung *TKI (Tenaga Kerja Indonesia), lan ilegal*. Panganggit nggunakake tembung basa Indonesia mung saperangan wae ing guritan *Kidung Lingsir wengi* amarga nuwuhake estetika rong basa kang surasane lugas. Panggurit nggunakake tembung *TKI, lan ilegal* supaya pamaca luwih mangerteni maksud apa sing arep diwedharake katimbang nggunakake basa Jawa.

4.1.2 Purwakanthi

Purwakanthi yaiku runtute swara ing ukara, wanda utawa tembung kang kapisan nggandheng wanda utawa tembung ing saburine. Purwakanthi sing ana ing antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi (KLW) iki ana telu yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi lumaksita.

- (5) Kumebul keluk mlebu dhadhamu (KCP, KC 11, GT 12)
- (6) Putih pagerku, pager kang putih (OOP, KC 25, GT 6)
- (7) Omahku, omah putih (OOP, KC 25, GT 1)

Pethikan (5) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan "Keluke Cerobong Pabrik". Pethikan iki nuduhake purwakanthi guru swara /u/. saka pethikan ing ndhuwur guru swarane padha-padha /u/-/u/ kang bisa dideleng saka pethikan tembung *kumebul, keluk, mlebu, lan dhadhamu*.

panggurit milih tembung kang pungkasane padha-padha /u/ supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake reroncening tembung enak dirungoake utawa diwaca. Pethikan (6) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan "Omahku, Omah Putih". Pethikan iki nuduhake purwakanthi guru sastra /p/. saka pethikan ing ndhuwur guru swarane padha-padha /p/-/p/ kang bisa dideleng saka pethikan tembung putih, lan pagerku.. panggurit milih tembung kang guru sastra padha-padha /p/ supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake reroncening tembung enak dirungoake utawa diwaca. Pethikan (7) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan "Omahku, Omah Putih". Pethikan iki nuduhake purwakanthi lumaksita. saka pethikan ing tembung *omah* dibolan baleni ana ing ukara candhaken. Panggurit milih tembung omah kanthi cara diboalan-baleni supaya guritan kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake reroncening tembung enak dirungoake utawa diwaca.

4.1.2.1 Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara minangka pangulange swara vokal (swara menga) saka tembung sing beda kanthi diwiwiti konsonan sing padha utawa sing beda. Purwakanthi guru swara sing ana sajrone guritan ing antologi Kidung Lingsir Wengi (KLW) diperang dadi lima, yaiku purwakanthi guru swara /a/, purwakanthi guru swara /e/, purwakanthi guru swara /i/, purwakanthi guru swara /o/, lan purwakanthi guru swara /u/.

Perangan kang kapisan yaiku purwakanthi guru swara /a/. purwakanthi guru swara /a/ minangka pangulange guru swara /a/ sing padha. Pethikan kaya ing ngisor iki.

- (8) Antarane cemara, flamboyant, bougenile (K, KC 10, GT 2)
- (9) Yagene kerja tanpa taha-taha (KCP, KC 11, GT 6)

Pethikan (8) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan "Kampus". Pethikan iki nuduhake purwakanthi guru swara /a/. saka pethikan ing ndhuwur guru swarane padha-padha /a/-/a/ kang bisa dideleng saka pethikan tembung antarane, cemara, flamboyant. panggurit milih tembung kang awale lan pungkasane /a/ supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake reroncening tembung enak dirungoake utawa diwaca. Pethikan (9) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan "Kampus". Pethikan iki nuduhake purwakanthi guru swara /a/. saka pethikan ing ndhuwur guru swarane padha-padha /a/-/a/ kang bisa dideleng saka pethikan tembung *yagene, kerja, tanpa, lan taha* panggurit milih tembung kang awale lan pungkasane /a/ supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan

kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake rerencening tembung enak dirungoake utawa diwaca.

4.1.2.2 Purwakanthi guru sastra

Purwakanthi guru sastra yaiku purwakanthi kang runtut sastrane utawa tulisane. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki:

- (10) Kudune **malah madhep mantep** jroning **manembah**

Pethikan (10) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Omahku, Omah Putih”. Pethikan iki nuduhake purwakanthi guru sastra /m/. saka pethikan ing ndhuwur guru swarane padha-padha /m-/m/ kang bisa dideleng saka pethikan tembung malah, madhep, mantep lan manembah. penggurit milih tembung kang guru sastra padha-padha /m/ supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan kasebut nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake rerencening tembung enak dirungoake utawa diwaca.

4.1.2.3 Purwakanthi Lumaksita

Purwakanthi lumaksita utawa ana sing ngarani purwakanthi guru basa yaiku purwakanthi sing tembung ing ukara sadurunge dibaleni maneh ing ukara candhake . tembung guru ing kene tegese paugeran utawa pathokan. Purwakanthi guru swarane ateges puewakanthi kang nganggo pathokan swara. Kaya ing pethikan ngisor iki.

- (11) **Rembulanku, rembulan** putih (OOP, KC 25, GT 13)
(12) **Putih omahku, omah** kang **putih** (OOP, KC 25, GT 5)
(13) **Putih pagerku, pager** kang **putih** (OOP, KC 25, GT 6)

Pethikan (11) ana sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Omahku, Omah Putih” iki nuduhake purwakanthi lumaksita. saka pethikan ing ndhuwur tembung “rembulan” kasebut dibaleni maneh ing tembung candhake ana ing tetembungan kang bisa dideleng ing pethikan ukara “*rembulanku, rembulan putih*”. Penggurit milih tembung rembulan kanthi cara dibolan-baleni supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake rerencening tembung enak dirungoake utawa diwaca. Pethikan (12) ana sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Omahku, Omah Putih” iki nuduhake purwakanthi lumaksita. saka pethikan ing ndhuwur tembung *putih lan omah* kasebut dibaleni maneh ing tembung candhake ana ing tetembungan kang bisa dideleng ing pethikan ukara *putih omahku, omah kang putih*. Penggurit milih tembung omah lan putih kanthi cara dibolan-baleni supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake rerencening tembung enak dirungoake utawa diwaca. Pethikan (13) ana sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Omahku, Omah Putih” iki nuduhake purwakanthi lumaksita. saka

pethikan ing ndhuwur tembung *putih lan pager* kasebut dibaleni maneh ing tembung candhake ana ing tetembungan kang bisa dideleng ing pethikan ukara *putih pagerku, pager kang putih*. Penggurit milih tembung pager lan putih kanthi cara dibolan-baleni supaya pamilihe tembung kasebut ndadekake guritan nduweni kaendahan. Bab iku mau ndadekake rerencening tembung enak dirungoake utawa diwaca.

4.1.3.1 Tembung Rangkep

Sasangka (2013:97) ngandharake tembung rangep utawa *reduplikasi* basa jawa cacahé ana telu yaiku dwipurwa, dwilingga, lan dwiwasana. sajrone gegurita KLW iki tembung rangkep ana telu yaiku dwipurwa, dwilingga, dwiwasana.

1) Dwipurwa

Dwipurwa yaiku tembung kang dumadi saka pangrangepe purwane tembung lingga utawa pangrangepe wanda kawitan ning tembung.

- (14) mung kari remeng-remeng **gegambanan** kuthaku (PTR, KC 4, GT 1)

Pethikan (14) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Ponorogo Tengah Ratri” iki nuduhake tembung rangkep kang awujud dwipurwa. Tembung *gegambanan* iki awujud tembung rangkep dwipurwa. Tembung *gegambanan* asale sak tembung gambar oleh pangrangepe purwane tembung lingga utawa pangrangepe wanda kawitan, gambar → gagambar → gegambar, oleh imbuhan –an dadi gegambanan. dwipurwa bisa ndhapuk tembung kriya utawa ndhapuk tembung aran. Tembung *gegambanan* kasebut kadhapuk tembung aran.

2) Dwilingga

Dwilingga yaiku tembung lingga kang dirangkep. pangrangepe tembung linggaiku ana kang karangkep wutuh lan ana kang karangkep owah-owahane swara.

- (15) **lintang-lintang** abyor ing tawang (S, KC 6, GT 1)

Pethikan (15) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapata” iki nuduhake tembung rangkep kang awujud dwilingga. Tembung *lintang-lintang* iki awujud tembung rangkep dwilingga. Tembung *lintang-lintang* kagolongake dwilingga wutuh, amarga tembung lingga kang karangkep wutuh tanpa ana owah-owahan apa-apa. dwilingga wutuh bisa diarani dwilingga. tembung *lintang-lintang* ngemu teges lintang-lintang sing akeh.

3) Dwiwasana

dwiwasana yaiku tembung kang ngrangkep wanda wekasan utawa ngrangkep wasane tembung.

- (16) **Ngejejer** mangu-mangu nyawang ratan (SD, KC 39, GT 25)

Pethikan (16) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sawijine Dalan” iki nuduhake tembung rangkep

kang awujud dwiwasana. Tembung *ngejejer* iki awujud tembung rangkep dwilingga Salin swara semu. Tembung *ngejejer* kagolongake tembung rangkep semu awit antarane tembung dwiwasana lan linggane surasane geseh adoh. Tembung *ngejejer* linggane *ngejer* oleh parangkep ana ing mburine dadi *ngejerjer* nanging diwaca dadi *ngejejer*, (*ngejer* → *ngejerjer* → *ngejejer*). Tembung *ngejejer* iku tembung kang ngrangkep wanda wekasan utawa ngrangkep wasane tembung. Dwiwasana iki saupama ana tegese ngandharake bab kang ora gumathok utawa ora ajeg, nanging bisa uga ngemu teges ambal-ambal.

4.1.3.3 Tembung Camboran

Tembung Camboran yaiku tembung loro utawa luwih sing digandheng dadi siji lan tembung mau dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar. Sing dikarepake teges anyaring kene yaiku tegese tembung mau beda karo tegese tembung nalika isih awujud tembung lingga. Sajrone geguritan K LW iki ana kang nuduhake tembung camboran kaya ing pethikan ngisor iki:

(17) **Adus kringet** buruh-buruh cilik (KCP, KC 11, GT 4)

Pethikan (17) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Keluke Cerobong Pabrik” iki nuduhake tembung camboran. Tembung *adus kringet* iki awujud tembung camboran wutuh. Tembung *adus kringet* diarani tembung camboran wutuh amarga tembung utawa linggane kang dumadi saka tembung-tembung kang isih wutuh. Tembung *adus kringet* iki nduweni teges beda karo linggane, *adus kringet* ing kene ngemu teges kerja tanpa leren dudu *adus kringet* kaya apa ana ing linggane tembung camboran. Tembung camboran dumadi saka tembung loro utawa luwih sing digandheng dadi siji utawa luwih lan tembung mau dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar. Sing dikarepake teges anyar ing kene yaiku teges tembung mau beda karo tegese tembung nalika isih awujud tembung lingga.

4.1.4 Titi Makna (semantik)

Semantik salah sawijine ilmu kang ngrembug ngenani bab makna, teges lan maksud. sajrone kasusatran mligine geguritan mesthi nduweni makna lan maksud sajrone geguritan kasebut. mula saka iku dibutuhake cabang ilmu kang bias nyengkuyung pamaca anggane mangerteni isi saka geguritan kasebut. sajrone geguritan K LW ngandhut titi makna (semantik) antarane yaiku sinonim, antonim, teges entar lan teges wantah.

4.1.4.1 Sinonim

Sinonim yaiku tembung-tembung kang nduweni teges kang padha. sajrone geguritan K LW iki ana sing nuduhake sinonim kaya ing andharan ngisor iki:

(18) Aku wong kang kapiran

Aku wong kang kapirun (W, KC 22, GT 13-14)

Pethikan (18) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Wus” iki nuduhake makna sinonim. Ukara *wong kang kapiran* lan *wong kang kapirun* nggunakake ukara kang padha tegese. Ukara *wong kang kapiran* ngemu teges kang padha karo ukara *wong kang kapirun* padha-padha nduweni teges kahanane sawijine pawongan kang kapir. Ukara kalorone kuwi meh padha tembung antarane kapiran lan kapirun ananging tegese padha. Saka ukara-ukara kang digunakake pangripta kanggo negesake makna ukara kasebut. Maksud saka ukara kasebut yaiku padha-padha nengenake gambaran kahanan kang padha yaiku wong kang kapir.

4.1.4.2 Antonim

Antonim utawa kosok balen yaiku tembung kang nduweni makna utawa teges sawalike. Sajrone geguritan K LW iki ana sing nuduhake antonim kaya ing andharan ngisor iki:

(19) Jaka prawan kabur kanginan (S, KC 24, GT 17)

Pethikan (19) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapata” iki nuduhake makna antonim. Ukara *jaka prawan kabur kanginan* nggunakake tembung kosok balen utawa antonim. Tembung *jaka* iki nduweni tembung kosok balen yaiku tembung *prawan*. Ukara *jaka prawan kabur kanginan* digunakake pangripta kanthi tujuwan kanggo negesake makna geguritan kasebut mbandingake antarane *jaka* lan *prawan*. Maksud saka ukara kasebut yaiku pangripta nyebutake tataran manungsa urip ing donya iki padha sesandhingan lan bisa kumpul bareng nindakake jejibahan.

4.1.4.3 Teges Entar

Teges entar yaiku tembung kang nduweni teges utawa makna ora sabenere utawa ora satemene. sajrone geguritan K LW iki ana sing nuduhake tembung entar kaya ing andharan ngisor iki:

(20) Ing kene tak cecep ilmu (K, KC 10,)

Pethikan (20) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Kampus” iki nuduhake makna entar. Teges entar antar sajrone ukara ing ndhuwur yaiku tembung *cecep*. Tembung *cecep* iku ora nduweni teges ora sabenere yaiku biyasane digunakake marang barang sing maujud ananging ukara nang kene dadi teges kang beda tembung *cecep* kang digunakake kanggo nggambarake kahanan pikiran utawa mangerti ilmu kasebut. Penggurit milih tembung kasebut nduweni maksud supaya geguritan kasebut nduweni sipat kang endah.

4.2 Lelewane Basa

Lelewane basa minangka cara penganggone basa kanthi mligi, kanggo mujudake piguna tartamtu. Sajrone karya sastra kang becik, mesthi ana piguna tumrap kaendahan kang njalari karya kasebut nduweni nilai seni. Nilai seni sajroning karya sastra, tuwuh amarga anane lelewane basa, lan piguna liya kang njalari karya sastra dadi luwih endah, yaiku kaya anane gaya anggone nyritakake lan tata pangrakite tetembungan sajroning reriptan iku mau. Salah sawijine lelewane basa yaiku majas.

4.2.1 Majas

Majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilai estetika (Ratna, 2013). Sajrone geguritan KWL ngemu majas, majas iku diperang dadi papat yaiku majas perbandingan, majas penegasan, lan majas sindiran.

4.2.1.1 Majas Perbandingan

Majas perbandingan yaiku tembung-tembung kang nduweni kiasan kang ngandharake sawijine perbandingan utawa mbandhingake sawijine kadadéyan utawa kahanan karo kadadéyan utawa kahanan liya.

1) Majas Personifikasi.

Majas personifikasi yaiku majas kang ngungkapake samubarang kanthi mandhingake barang mati minangka kaya manungsa. Kang nuduhake majas personifikasi kaya ing pethikan-pethikan ing ngisor iki.

(21)Kembang-kembang ngawe tekaku (K, KC 3, GT 1)

Pethikan (21) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Kekudangan” iki nuduhake majas personifikasi. Kembang sejatine samubarang kang mati, ing kene tembung “kembang” kaya-kaya urip padha karo manungsa. Sing bisa ngawe-ngawe tekane manungsa, iku bisa dideleng ana ing pethikan ukara “*Kembang-kembang ngawe tekaku*”. Majas iki mbandhingake samubarang kang mati kaya-kaya arupa manungsa. Majas iki dienggo supayaguritan kasebut nduweni kaendahan.

2) Majas Depersonifikasi.

Majas dipersonifikasi yaiku majas kang nampilake manungsa minangka kewan, wit-witan lan liya-liyane. Kang nuduhake majas depersonifikasi ana ing pethik-pethikan ngisor iki:

(22)Ireng manungsa kwalat

Ireng syetan laknat (L, KC 1, GT 15)

Pethikan (22) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Lakon” iki nuduhake majas depersonifikasi. Ing kene syeten dipadhakna kaya manungsa sing ngalakoni tumindak kang ala, ing kene tembung “syetan” padha karo manungsa, iku bisa dideleng ana ing pethikan ukara “*ireng manungsa kwalat, ireng syetan laknat*”. Majas iki

mbandhingake samubarang utawa makhluk kaya-kaya manungsa. Majas iki dienggo supayaguritan kasebut nduweni kaendahan.

3) Majas Hiperbola

Majas hiperbola yaiku majas perbandingan kang ngandharake sawijine prakara utawa kadadéyan kanthi cara diluwih-luwahi utawa digedhe-gedheake saka kahanan asline. Kang nuduhake majas hiperbola ana ing pethik-pethikan ngisor iki:

(23)Rara Oyi putri Surabaya

Ayune sundhul langit

Eseme diincrit-incrit (S, KC 31, GT 1-4)

Pethikan (23) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapata” iki nuduhake majas hiperbola. Ing kene sing nuduhake majas hiperbola yaiku “*ayune sundhul langit*”. Ukara kasebut diluwih-luwahi utawa ditambah-tambahi kaya-kaya ayu dhewe nganti tekan langit. Amarga ora mungkin ayune nganti tekan sundhul langit. Ukara kasebut bisa dideleng saka pethikan ukara “*Rara Oyi putri Surabaya, ayune sundhul langit eseme diincrit-incrit*”. Majas iki nambah-nambahi utawa ngakeh-ngakehi kahanan asline. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

4) Majas Metafora

Majas metafora yaiku majas kang ngungkapake samubarang kanthi langsung arupa perbandingan analogis kanthi ngilangake tembung kayata, minangka lsp. Kang nuduhake majas metafora kaya ing pethikan-pethikan ngisor iki:

(24)Adus kringet buruh-buruh cilik

Manungsa dudu mesin

Yagene kerja tanpa taha-taha (KCP, KC 11, 4-6)

Pethikan (24) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Keluke Cerobong Pabrik” iki nuduhake majas metafora. Ing kene sing nuduhake majas metafora yaiku “*manungsa dudu mesin*”. Ukara kasebut mbandhingake antalogis kanthi ngilangake tembung kaya. Manungsa dudu kaya mesin sing kerja tanpa mandheg, manungsa butuh leren. Ukara kasebut bisa dideleng saka pethikan ukara “*adus kringet buruh-buruh cilik, manungsa dudu mesin yagene kerja tanpa taha-tah*”. Majas iki mbandhingake kanthi cara ngilangake tembung kaya. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

5) Majas Litotes

Majas litotes yaiku majas kang digunakake kanggo ngungkapake samubarang kanthi tujuan ngrendahake dhiri. Sawijine kadadéyan kang diandharake kurang saka asline. Kang nuduhake majas litotes kaya ing pethikan ngisor iki:

(25) Ora amerga aku kekasihmu

Aku amung cagak layar (JA, KC 18, GT 4)

Pethikan (25) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Jenengku Aceh” iki nuduhake majas litotes. Ing kene sing nuduhake majas litotes yaiku “aku amung cagak layar”. Ukara kasebut nuduhake yen penggurit ngrendahake awake dhewe kaya cagak layar. Cagak layar tegese samubarang sing ngadeg dhewe ora ana gunane. Ukara kasebut bisa dideleng saka pethikan ukara “*ora merga aku kekasih-Mu, aku among cakak layar*”. Majas iki ngasorake tumrap awake dhewe. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

6) Majas Simile

Majas simile yaiku majas kang mbandhingake kanthi sipat eksplisit, tegese yaiku ngandharake samubarang padha karo kedadeyan liyane kanthi cara eksplisit nuduhake perangan kang padha kuwi yaiku tembung-tembung kayata, padha, minangka, laksana lsp. Kang nuduhake majas simile ana ing pethik-pethikan ngisor iki:

(26) Rambut pirang mata biru rambut abang

Kaya nonik landa lagi blanja ana toko tunjungan (S, KC 7, GT 3-4)

Pethikan (59) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapata” iki nuduhake majas simile. Ing kene sing nuduhake majas simile yaiku tembung “kaya”. tembung kasebut kalebu salah sijine tembung *eksplisit* sing ana ing majas simile sing mbandhingake samubarang padha karo kedadeyan liyane. Tembung kasebut Mbandhingake rambut pirang karo nonik landa sing lagi blanja. Tembung “kaya” kasebut bisa dideleng saka pethikan ukara “*Rambut pirang mata biru rambut abang, Kaya nonik landa lagi blanja ana toko tunjungan*”. Majas iki mbandhingake samubarang kang padha kanthi cara nggunakake tembung kaya sing dadi tembung eksplisite. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

(27) Majas Alegori

Majas alegori yaiku majas kang mbandhingake panguripane manungsa karo alam, mbandhingake kedadeyan utawa barang kanthi sabanjure saengga mbentuk sawijine crita. Kang nuduhake majas alegori ana ing pethik-pethikan ngisor iki:

(28) Manuk-manuk sriti miber nyamber-nyamber Laron-laron

Among bisa pasrah sumarah ing regemaning wayang beber (L, KC 45, GT 13-14)

Pethikan (64) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Lakon” iki nuduhake majas alegori. Ing kene sing nuduhake majas alegori yaiku ukara “*Manuk-manuk sriti miber nyamber-nyamber Laron-laron among bisa pasrah*

sumarah ing regemaning wayang beber.” Ukara kasebut mbandhingake kahanan kewan ing sabendinane karo manungsa. Manungsa ing kene digambarake kaya-kaya uripe manuk sriti sing golek mangan utawa golek rezeki. Kabeh ngono ana sing ngatur kersane gusti sing digambarake kaya regemaning wayang beber. Manungsa kudu gelem rekasa yen pengin antuk rezeki. Majas iki mbandhingake samubarang kanthi cara nggunakake kiasan utawa penggambaran. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

7) Majas Eponim

Eponim yaiku majas kang nggunakake sawijine jeneng kang nduweni sesambungan karo sipat tartamtu. Saengga jeneng kasebut kanggo ngandharake sipat kasebut. Kang nuduhake majas eponim ana ing pethikan ngisor iki:

Mbokmanawa bae aku bisa usada
Ngupadi dhukun mandraguna
Kang kuwawa mbrasta wulu-wulu durjana
(SD, KC 22, GT 22-23)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sawijine Dalan” iki nuduhake majas eponim. Ing kene sing nuduhake majas eponim yaiku tembung “dhukun”. Tembung dhukun kasebut nduweni sipat sing bisa ngusada kahanan tartamtu. Tembung dhukun bisa dideleng ana ing pethikan ukara “mbokmanawa aku bisa usada, ngupadi dhukun madraguna, kang kuwawa mbrasta wulu-wulu durjana”. Majas iki mbandhingake jeneng kang nduweni sesambungan karo sipat tartamtu. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

8) Majas Simbolik

Majas simbolik yaiku majas perbandingan kang madakake saperangan tembung utawa barang tartamtu kanggo makili pangerten saka jeneng, prakara, lan kahanan liya ing njabane tembung kasebut. Kang nuduhake majas simbolik ana ing pethikan ngisor iki:

Adus kringet buruh-buruh cilik
Manungsa dudu mesin
Yagene kerja tanpa taha-taha (KCP, KC 11, GT 4-7)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Keluke Cerobong Pabrik” iki nuduhake majas simbolik. Ing kene sing nuduhake majas simbolik yaiku ukara “*Adus kringet*”. Adus kringet tegese nduweni makarya sing giyat. Ukara “*Adus kringet*” kasebut bisa dideleng saka pethikan ukara “*Adus kringet buruh-buruh cilik, manungsa dudu mesin, yagene kerja tanpa taha-taha.*”. Majas iki mbandhingake samubarang kanthi cara simbolik tegese mbandhingake tembung utawa ukara kanggo makili pangerten prakara. Majas iki dienggo supaya guritan kasebut nduweni kaendahan.

4.2.1.2 Majas Penegasan

Majas penegasan yaiku tembung-tembung kias kang ngandharake utawa nyatakake penegasan kanggo ningkatake kesan lan pangribawane marang pamireng lan pamaca.

1) Majas Pleonasme.

Majas pleonasme yaiku majas kang nambahi katarangan saka tembung utawa ukara kang wis cetha utawa nambahi katarangan kang samestine ora diperlukake. Majas pleonasme bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

Kumebul keluk mlebu dhadhamu mlebu dhadhaku

Wusana angrem ana paru-paru (KCP, KC 11, GT 12-13)

Pethikan (ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Keluke Cerobong Pabrik” iki nuduhake majas pleonasme. Ing kene sing nuduhake majas pleonasme yaiku ukara “*wusana angrem ana paru-paru*”. Ukara kasebut samestine ora perlu digunakake amarga kumebul keluk mlebu dhadhamu mlebu dhadhaku wis cetha yen maknane kuwi mlebu ning paru-paru. Nanging ing kene penggurit nambahi ukara “*wusana angrem ana paru-paru*” luwih negesake makna sing ana ing ukara sadurunge. Majas iki negesake makna kanthi cara nambahi ukara sing samestine ora diperlukake amarga ukara sadurunge wis cetha. Panggurit nganggo ukara kasebut supaya guritan nduweni kaendahan lan uga negesake makna.

2) Majas Repitisi

Majas repitisi salah sawijine majas penegasan. Majas repitisi yaiku salah sawijine lelewane basa kang ngungkapake pangulangane tembung, frasa utawa klausa kang padha kanggo negesake makna saka ukara utawa wacana. Majas repitisi bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

Omahku omah putih

Omah kang dakbangung kanthi ris putih

Omahku tembok putih

Balungane balungan putih

Putih omahku, omah kang putih

Putih pagerku, pager kang putih

Putih kembangku, ing taman kang putih

(OOP, KC 25, GT 1-7)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Omahku, Omah Putih” iki nuduhake majas repitisi. Ing kene sing nuduhake majas repitisi yaiku tembung “*omah lan putih*”. Tembung omah lan putih iki dibolan - baleni ana ing guritan kasebut. Tegese uga padha wae, ananging ana ing kene tembung kaloro kasebut dibolan-baleni supaya tembung kasebut negesake makna. Makna kasebut yaiku omah sing warnane putih. Majas iki negesake makna kanthi tembung dibolan-baleni ana ing ukara utawa pada sabanjure. Panggurit nganggo tembung

omah lan putih supaya guritan kasebut nduweni kaendahan lan uga negesake makna.

3) Majas Retoris

Majas retoris yaiku majas kang arupa ukara takon kang ora mbutuhake jawaban utawa jawabame wis kinandhut sajrone pitakonan kasebut. majas retoris bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki:

Endi maneh sawah sing digarap

Pari, kedhele, lan sakabehane palawija (S, KC 33, GT 2-3)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapata” iki nuduhake majas retoris. Ing kene sing nuduhake majas retoris yaiku pitakonan “Endi maneh sing digarap?”. Pitakonan iki samestine ora ditakokake amarga wangsulane wis kinandhut ana ing ukara sabanjure, wangsulane pari, kedhele, lan sakabehane palawija. Penggurit luwih negesake makna kanthi cara menahi pitakon sing samestine ora ditakokake lan wangsulane wis ana. Wangsulane kasebut bisa dideleng ana pethikan ukara “*Endi maneh sawah sing digarap pari, kedhele, lan sakabehane palawija*.” Majas iki negesake makna kanthi cara menahi pitakonan sing samestine ora ditakokake. Panggurit nganggo majas retoris supaya guritan kasebut nduweni kaendahan lan uga negesake makna.

ngenani pakaryane. Kuwi kabeh dilakoni Sumilah mung kanggo kulawargane.

4) Majas Eklamasio

Majas eklasio yaiku majas kang ngunakake tembung seru kanggo luwih negesake sawijine kahanan. Majas eklamasio bisa dideleng ana pethikan ngisor iki:

“saiki jam pira?”

“jam siji”

“ah, kapan lepas saka pasiksan iki?” (W, KC 57, GT 16-18)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Wektu” iki nuduhake majas eklasio. Ing kene sing nuduhake majas eklasio yaiku tembung “ah”. Tembung ah iki nuduhake kahanan kang ora kepenak utawa kahanan sing ora disenengi. Tembung kasebut bisa dideleng ana ing ukara “*ah, kapan lepas saka pasiksan iki?*”. Ukara kasebut nuduhake yen wektu iku panjenengane lagi ora kepenak utawa bosen pengin wektune dicepetetake. Penggurit luwih nengenake makna kanthi cara menahi tembung seru “ah”. Majas iki nengenake makna kanthi cara menahi tanda tembung seru utawa *kata seru*. Panggurit nganggo majas eklasio supaya guritan kasebut nduweni kaendahan lan uga negesake makna.

4.2.1.3 Majas Sindiran

Majas sindiran utawa pasemon yaiku lelewane basa utawa ukara kang digunakake kanggo nyindir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang liya. Majas sindiran utawa majas sindiran kang kinandhut

ana ing antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi (KLW) iki ana telu yaiku ironi, sinisme, lan sarkasme.

1) Majas Ironi

Majas ironi yaiku salahsawijine majas kang sifate nyindir kanthi cara nyatakake kahanan kang ora sabener utawa sawalike. tujuwane majas ironi kanggo ngandharake samubarang kanthi cara makna utawa maksud sawalike saka apa kang kinandhut sajrone pangrakite tembung-tembunge. Pethikan kang nuduhake majas ironi kaya ing ngisor iki:

Ora ana tembung kang ngalik-alik kajaba thokleh
Awit saben ucapan adhedhasar kasunyatan tanpa pamrih
Kang diucapake dening paraga prasaja saka telenge
ati kang putih (PTR, KC 42, GT 23-25)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Ponorogo Tengah Ratri” iki nuduhake majas ironi. Ing kene penggurit menahi sindiran kanthi cara ngandharake kahanan sing ora sabener utawa ngandharake sawalike. Penggurit nyindir ora ana tembung kang ngalik-alik kejaba dening prasaja sing atine kang putih, Awit saben ucapan adhedhasar kasunyatan tanpa pamri. Maksud saka penggurit nang kene panjenengane nyindir yen wong prasaja ora nduweni ati sing suci utawa ati kang ala ora bisa jujur lan amanah. Saben ngucap panjenengane ora deleng kasunyatan kang ana, saben angger ngucap panjenengane nduweni rasa pamri marang wong liya. Majas iki nyindir kanthi cara ngandharake kahanan sing ora sabener utawa sawalike kanggo nyindir sawijine pawongan. Penggurit nganggo majas ironi iki supaya guritan kasebut nduweni unsur kaendahan.

2) Majas Sinisme

Majas sinisme yaiku sindiran kang nggunakake tembung-tembung kang ngandhut unsur-unsur ngenyek (menghina) marang sawijine kahanan. Pethikan kang nuduhake majas sinisme kaya ing ngisor iki:

Sajake kita wus lali tegese iman
Kang dadi landhesan urip maring kautaman
Nyatane luwih seneng kekancan syetan
(W, KC 28, GT 11-13)

Pethikan ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “wus” iki nuduhake majas sinisme. Ing kene penggurit menahi sindiran kang nduweni maksud rasa ngenyek. Pethikan nuduhake rasa ngenyek marang sawijine pawongan kang nglakoni tumindak kang ala, ngelakoni apa sing dilarang marang pengerane, ngadohi apa sing dadi kewajibane. Panjenengane malah seneng maksiyat sing cedhak karo panggonan-panggonan syetan. Panjenengane luwih seneng kekancan karo syetan. Panjenengane ngelekake apa sing dadi kewajibane sing dadi lelandhesan urip tumuju marang kautaman. Majas iki nyindir kang nduweni maksud ngenyek. Penggurit

nganggo majas sinisme iki supaya guritan kasebut nduweni unsur kaendahan.

3) Majas Sarkasme

Majas sarkasme yaiku majas sindiran kang nyindir kanthi cara nggunakake tembung utawa ukara kanthi cara langsung lan kasar. Pethikan sing nuduhake majas sarkasme kaya ing ngisor iki:

Apa wis kok wulangake bab kautaman?
Apa gunane diwulang sosiologi yen ing tembe bakal kolusi
Apa gunane diwulang matematika yen kanggo manipulasi
Angka-angka korupsi jare wis dadi tradisi (SD, KC 39, GT 21-22)

Pethikan (85) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sawijine Dalan” iki nuduhake majas sarkasme. Ing kene penggurit menahi sindiran kanthi cara langsung lan kasar. Pethikan (85) nggunake sindiran langsung tur tembung-tembunge uga kasar, sejatine gunane piwulangan sosiologi dudu bakal dadi wong kolusi, piwulangan matematika gunane dudu kanggo manipulasi sejatine tujuwan sosiologi lan matematika kuwi apik dudu kolusi utawa manipulasi. Penggurit nggunake ukara kasebut nduweni maksud nyindir wong-wong sing tumindak korupsi sing jarene wis dadi tradisi. Majas iki nyindir kanthi cara nggunakake tembung-tembung kang kasar tur langsung diucapake. Penggurit nganggo majas sinisme iki supaya guritan kasebut nduweni unsur kaendahan.

Dudutan

Ing bab-bab sadurunge wis diandharake perangan ngenani pamilihing tembung lan lelewane basa sajroning geguritan kidung lingsir wengi anggitané Suharmono Kasiun. Saka asile panliten bisa didudut yen asil panliten kang kapisan yaiku wujud pamilihe tembung. Wujud pamilihe tembung diperang dadi papat, ing antarane yaiku (1) ragam basa, wujud ragam basa ana papat yaiku (a) basa ngoko, (b) basa krama, (c) basa Jawa-manca, lan (d) basa Jawa-Indonesia (2) Purwakanthi, wujud Purwakanthi bisa diperang maneh dadi telu yaiku (a) purwakanthi guru swara, (b) purwakanthi guru sastra, lan (c) purwakanthi lumaksita. (3) titi tembung (morfologi), wujud titi tembung bisa diperang dadi loro yaiku (a) tembung rangkep, lan (b) tembung camboran. (4) titi makna, wujud titi makna bisa diperang maneh dadi telu yaiku (a) sinonim, (b) antonim, lan (c) entar.

Asil panliten kapindho yaiku lelewane basa kang kinandhut majas. Majas bisa diperang dadi telu yaiku (1) majas perbandingan, wujud majas perbandingan sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi ana wolu (a) majas personifikasi, (b) majas depersonifikasi, (c) majas hiperbola, (d) majas metafora, (e) majas litotes, (f) majas simile, (g) majas alegori, lan (h) majas litotes. (2) majas penegasan, wujud majas penegasan sajrone antologi geguritan iki ana papat, yaiku

(a) majas pleonasmé, (b) majas repitisi, (c) majas retorik, lan (d) majas eklamasio. (3) majas sindiran, wujud majas sindiran sajrone antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi ana telu, yaiku (a) majas ironi, (b) majas sinisme, lan (c) majas sarkasme.

Andharan asil panliten kang wis dijlentrehake ing ndhuwur, bisa dimangerteni yen Suharmono Kasiun sajrone ngripta antologi geguritan Kidung Lingsir Wengi migunakake pamilihe tembung lan lelewane basa. Wujud pamilihe tembung kang digunakake ing antarane yaiku ragam basa, purwakanthi, titi tembung, lan titi makna. Dene wujud lelewane basa kang digunakake ing antarane

yaiku majas perbandingan, majas penegasan, lan majas sindiran.

Pamrayoga

Panliten marang antologi geguritan kidung lingsir wengi ora tau ditindakake. Mula saka iku diajab panliten iki bisa aweh sumbang sih tumrap panliten stilistika liyane kanthi objek lan teori kang saemper. Panliten iki mujudake panliten sing isih adoh saka kasampurnaan. Panliti sadhar, ing panliten iki isih akeh cacad lan kurange, mula panliten pamilihing tembung lan lelewaning basa iki isih bisa dirembakakake maneh.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. 2010. *Stilistika: Pengantar Memahami Bahasa Dalam Karya Sastra*: IKIP Semarang Press.
- Arikunto, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Azwar, Saifudin. 2004. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Djajasudarma, Fatimah. 1999. *Semantik 2: Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: Refika Aditama
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesustraan Jawa Modern. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa*.
- Jalil, Dianie Abdul. 1990. *Teori dan periodisasi puisi Indonesia*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Keraf, Gorys. 2009. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Padmoesoekotjo. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta: Panitia Bahasa Djawa
- Poerwadarminta. 1937. *Baoesastra Djawi*.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1984. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Prasetyo, Sunar Dwi. 2011. *Buku Lengkap Majas dan 3000 Peribasa*. Yogyakarta: Diva Press.
- Ratna, Nyoman. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman. 2013. *Stilistika Kajian Pustaka Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2013. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramaliguna.
- Saputra, Karsono. 2001. *Prinsip-Prinsip Filologi Jawa*. Jakarta : Wedatama Widya Sastra
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Tera, I.R. 2010. *Panduan Pinter EYD*. Yogyakarta: Indonesia Tera.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Grimukti Pasaka
- Tjahjono, Tengsoe. 2011. *Mendaki Gunung Puisi ke Arah Kegiatan Apresiasi*. Malang: Bnyumedia Publishing.
- Wellek, Rene dan Werren, Austin. 1993. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.